



# Fason pou Itilize Sistèm Otomatize EOIR la

(EOIR: Biwo Egzekitif pou Egzamen Imigrasyon

Li nesesè pou w gen Nimewo Anrejistreman Etranje a nan men w pou w chèche enfòmasyon sou dosye jèn moun nan. Ou kapab jwenn nimewo etranje jèn moun lan nan dokiman li te resevwa nan abri Biwo pou Relokalizasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement, ORR), tankou Verifikasyon Liberasyon an ak Avi pou Konparèt la.



## Genyen de (2) fason pou w jwenn enfòmasyon sou dosye imigrasyon yon jèn moun, san wete enfòmasyon sou odyans tribunal li a:



### 1 Nan telefòn: 1-800-898-7180

- **24 sou 24, 7 jou sou 7**, ou kapab rele nan **1-800-898-7180**
- Peze chif "2" pou w kontinye nan lang Panyòl
- **Mete epi konfime nimewo etranje a**, apresa suiv enstriksyon yo pou w jwenn enfòmasyon sou dosye jèn moun nan



### 2 Anliy: [acis.eoir.justice.gov/en/](http://acis.eoir.justice.gov/en/)

- **24 sou 24, 7 jou sou 7**, ou kapab ale sou sitwèb la ki se: [acis.eoir.justice.gov/en/](http://acis.eoir.justice.gov/en/)
- **Mete nimewo etranje jèn moun nan**
- **Verifye enfòmasyon** sou pwochen odyans nan tribunal la, ki gen ladan yo dat, lè, non jij la, ak adrès tribunal la
- Epitou, w ap wè enfòmasyon sou desizyon ki pran sou dosye a, demann, ak kontestasyon, si sa aplikab pou dosye jèn moun nan

### Li enpòtan pou w pa bliye...

- Souvan, lè w rele nan nimewo EOIR la oswa lè w ale sou sitwèb la, li posib pou nimewo etranje jèn moun nan poko anrejistre nan sistèm nan. Li enpòtan anpil pou w kontinye rele oswa ale sou sitwèb la **chak semèn** pou w jwenn dènye enfòmasyon sou randevou jèn nan genyen nan tribunal pou w pa rate yon odyans.
- **Fòk jèn moun nan vini nan tribunal menm si li pa genyen avoka.** Li kapab eksplike jij la pou l di li toujou ap chèche yon avoka epi li mande plis tan. Si jèn moun nan rate odyans li an, gen anpil chans pou jij la bay yon òdonans ekspilsyon pa defo.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa la pou bay konsèy jiridik.